



Non Pitit la:

Dat Nesans Li:

Yon pwogram Depatman Sante Piblik Massachusetts sètifye

Konsantman pou Evalyasyon/Estimasyon

Pou detèmine si pitit ou kalifye pou Entèvansyon Bonè (Early Intervention, EI), staff EI an dwe ranpli yon evalyasyon/estimasyon. Ekip EI an pral itilize yon zouti evalyasyon fòmèl pou gade tout domèn devlopman yo. Yo pral poze w kesyon osijè devlopman pitit ou an epi si ou gen preyokipasyon. Ekip EI an pral mande tou pou yo pale avèk lòt moun ki konnen pitit ou an oswa obsève pitit ou an nan lòt anviwònman.

Evalyasyon/estimasyon an pral gen ladann egzamine tout domèn devlopman. Ekip la pral egzamine devlopman koyitif, fizik (ikonpri sante, vizyon ak kapasite pou tandè), kominikasyon, devlopman adaptasyon/otonomi ak sosyal/emosyonèl. Ekip la gendwa mande pèmasyon ou pou egzamine dosye medikal, devlopman oswa dokiman nesans lan. Sa ede Ekip EI an gade si gen lòt faktè egzijibilite ki egziste. Antanke paran, ou chwazi enfòmasyon ou vle pataje yo. Si ou dakò ak pati nan evalyasyon/estimasyon an, staff EI an gendwa pa kapab detèmine si ou kalifye. Pa egzanp, si ou dakò pou yo fè evalyasyon/estimasyon devlopman an men ou chwazi pa bay enfòmasyon konsènan pitit ou ak fanmi w, Ekip EI an gendwa pa kapab detèmine si pitit ou kalifye.

Yon estimasyon sanble enfòmasyon osijè pitit ou epi/oswa fanmi w. Se yon fason pou egzamine fòs ak bezwen pitit ou epi/oswa fanmi w. Evalyasyon yo gendwa rive menm lè ak evalyasyon an. Menmsi yon evalyasyon ak yon estimasyon sanble se menm bagay, yo kapab fè yon estimasyon nenpòt lè epi li pa detèmine kalifikasyon pou Sèvis Entèvansyon Bonè.

Sèvis Entèvansyon Bonè se sèvis ki volontè. Si ou vle yon evalyasyon/estimasyon pou wè si pitit ou kalifye, w ap bezwen bay konsantman ou an. "Konsantman" vle di ou dakò pou evalyasyon/estimasyon an. Ou kapab chwazi po bay konsantman pou yo faktire asirans ou an evalyasyon/estimasyon an. Depatman Sante Piblik la pral peye tout depans asirans ou an pa garanti.

Pwogram Entèvansyon Bonèa pwopoze pou li fè:

- Yon evalyasyon/estimasyon pou detèmine kalifikasyon, fòs ak bezwen pitit la.
- Yon estimasyon ki sible fanmi a pou detèmine preyokipasyon, priyorite ak resous yo.
- Yon estimasyon pitit la pou detèmine fòs ak bezwen pitit la kontinye genyen.

Mwen konprann si konsantman mwen volontè epi mwen kapab chwazi pou yo pa evalye pitit mwen ni pou li pa patisipe nan yon estimasyon ki sible fanmi an menmsi mwen te siyen fòm sa a. Mwen konprann si mwen chwazi pa konsanti pou evalyasyon/estimasyon an, pwogram EI an gendwa pa ka detèmine si pitit mwen kalifye pou resevwa sèvis Entèvansyon Bonè.

Siyati Paran an

Dat

Siyati Paran an

Dat

Tanpri li avi sou dwa fanmi a ki rele ***Sa Ou Dwe Konnen sou Entèvansyon Bonè (Massachusetts Early Intervention and You)***. Li esplike dwa ou pou depoze yon plent, mande medyasyon oswa yon odyans si ou pa dakò ak sa pwogram EI an te pwopoze oswa refize. Si w gen kesyon, rele pwogram la silvouple. Staff EI an kontan reponn kesyon yo. Epitou, ou gen dwa rele Depatman Sante Piblik lan nan nimewo telefòn ki make sou avi pou dwa fanmi yo pou jwenn enfòmasyon oubyen pou ede w konprann dwa ou yo.